| QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI CHIMBOY TUMANI HOKIMI | | QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ SHÍMBAY RAYONÍ HÁKIMI |
|---|---|---|
| **QARORI** | | **SHESHIMI** |
| **Chimboy tumani** | | **Shımbay rayonı** |

2022 - yil 21 - oktabr 343-13-192-Q/22 Chimboy tumani hokimligi

**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2022-жыл 14-октябрьдеги «Мәмлекетлик пуқаралық хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиўин тәмийинлеў бойынша қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы 595-санлы ҳәм усы мазмундағы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2022-жыл 21-октябрь күнги 505-13-0-Q/22-санлы қарарлары ҳаққында**

«Мәмлекетлик пуқаралық хызмети туўрысында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамына муўапық ҳәм де мәмлекетлик хызметкерлериниң хызмет жумысларына байланыслы қағыйдаларға әмел етилиўин тәмийинлеў, сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2022-жыл 14-октябрдеги «Мәмлекетлик пуқаралық хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиўин тәмийинлеў бойынша қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы 595-санлы ҳәм усы мазмундағы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2022-жыл 21-октябрь күнги 505-13-0-Q/22-санлы қарарларының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**ШЕШИМ ЕТЕМЕН:**

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2022-жыл 14-октябрдеги «Мәмлекетлик пуқаралық хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиўин тәмийинлеў бойынша қосымша ис-илажлар туўрысында»ғы 595-санлы ҳәм усы мазмундағы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2022-жыл 21-октябрь күнги 505-13-0-Q/22-санлы қарарлары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң жоқарыдағы қарары менен:

а) Төмендегилер:

Мәмлекетлик пуқаралық хызметкерлериниң әдеп-икрамлығының үлгили қағыйдалары (кейинги орында - Әдеп-икрамлылық қағыйдалары) 1-қосымшаға муўапық;

Әдеп-икрамлылық комиссиясы ҳаққындағы үлгили реже 2-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

б) Мәмлекетлик уйымлар, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўалаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери ҳәм басқа шөлкемлер 2022-жыл 25-октябрге шекем өз жумыслары есапқа алған ҳалда:

- Әдеп-икрамлылық қағыйдалары тийкарында орайлық аппараты, аймақлық ҳәм қурамлы бөлимлери хызметкерлери ушын мәжбүрий болған хызметкерлердиң мәкеме әдеп-икрамлық қағыйдаларын;

- усы қарар менен тастыйықланга реже тийкарында Әдеп-икрамлылық комиссиясы туўрысындағы режени ҳәм оның қурамын тастыйықлаў;

- ишки мийнет тәртип қағыйдаларын ҳәм басқа мәкемелик ҳүжжетлерди усы қарарға муўапықластырыў;

- 2022-жыл 1-ноябрьге шекем усы бәнттиң орынланыўы бойынша әмелге асырылған жумыслар нәтийжеси туўрысында толық мәлимлемени тастыйықланған ҳүжжетлерди қосымша қылған ҳалда Министрлер Кеңеси аппаратының тийисли қурамлық бөлимлерине усыныў тапсырылғанлығы;

в) Хожалық басқарыў уйымларына Әдеп-икрамлылық қағыйдалары тийкарында хызметкерлердиң әдеп-икрамлылық қағыйдаларын қабыл етиў усыныс етилгенлиги;

г) Әдеп-икрамлық қағыйдалары талапларының бузылыўы нызам ҳүжжетлерине муўапық интизамый ҳәм басқа түрдеги жуўапкершиликке тартыў ушын тийкар болатуғынлығы белгилеп қойылғанлығы;

д) Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети аппараты басқарыўшысы Р.В.Абдуқодиров бир ҳәпте мүддетте Министрлер Кабинети аппараты хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық қағыйдаларын Министрлер Кабинети Президиумына тастыйықлаў ушын киритиў тапсырылғанлығы;

е) Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги:

Мәмлекетлик хызметин раўажландырыў агентлиги, мәмлекетлик уйымлары ҳәм шөлкемлери менен биргеликте бир ай мүддетте  усы қарардың мазмун-мәнисин мәмлекетлик хызметкерлери арасында түсиндириў мақсетинде оқыў-семинарларын шөлкемлестириў;

Мәмлекетлик хызметин раўажландлырыў агентлиги менен биргеликте 2022-жыл 20-октябрьге шекем усы оқыў-семинарлар бойынша шөлкемлестириў ҳүжжетлери топламын (мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлери кесиминде оқыў-семинарларын өткериў графиги ҳәм тәртиби, семинарды өткериўге жуўапкерлер дизими, қатнасыўшылардың үлгили контигенти  ҳәм т.б) Министрлер Кабинетине киритиў тапсырылғанлығы;

з) Өзбекстан Республикасы Ҳүкиметиниң айырым қарарлары 3-қосымшаға муўапық өз күшин жойытқан деп есапланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Шымбай районы ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық қағыйдалары 1-қосымшаға муўапық;

Шымбай районы ҳәкимлиги аппаратының әдеп-икрамлылық комиссиясы туўрысындағы нызам 2-қосымшаға муўапық;

Шымбай районы ҳәкимлиги аппаратының әдеп-икрамлық комиссиясы қурамы 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Райондағы барлық мәмлекетлик уйымлар 2022-жыл 25-октябрьге шекем өз жумысларын есапқа алған ҳалда:

а) Әдеп-икрамлылық қағыйдалары тийкарында аппарат хызметкерлери ушын мәжбүрий болған хызметкерлердиң мәкемелик әдеп-икрамлылық қағыйдаларын;

усы қарар менен тастыйықланған реже тийкарында Әдеп-икрамлылық комиссиясы туўрысындағы режени ҳәм оның қурамын тастыйықласын.

б) ишки мийнет тәртип-қағыйдаларын ҳәм басқа мәкемелик ҳүжжетлерин усы қарарға муўапықластырсын.

в) 2022-жыл 1-ноябрьге шекем жоқарыдағы қарардың орынланыўы бойынша әмелге асырылған жумыслар туўрысында толық мәлимлемени тастыйықланған ҳүжжетлерди қосымша қылған ҳалда

Министрлер Кеңесине усынылсын.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң барлық орынбасарларына жүкленсин.

**Район ҳәкими** **А.Тажетдинов**

Chimboy tuman hokimining
2022 yil 21 oktabrdagi
343-13-192-Q/22-son qaroriga
1-ilova

**Шымбай районы ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық ҚАҒЫЙДАЛАРЫ**

**1-бап. Улыўма қағыйдалар**

1. Шымбай районы ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық қағыйдалары (кейинги орынларда - Әдеп-икрамлылық қағыйдалары) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси аппараты хызметкерлериниң кәсиплик мәденияты, хызмет искерлиги даўамында ҳәм де хызметтен тысқары ўақытта әдеп-икрамлылығы, сыртқы көриниси ҳәм кийиниў усылының үлгили қағыйдаларын белгилейди.

Әдеп-икрамлылық қағыйдалары мәмлекет хызметинде жоқары кәсиплик мәдениятты қәлиплестириў, жәмийетшилик санасында мәмлекет хызметине болған ҳүрмет ҳәм исенимди асырыў ҳәм де мәмлекет хызметкерлериниң этика қағыйдаларына қарсы болған минез-қулықларының алдын алыўға қаратылған.

2. Министрлер Кеңеси аппараты хызметкерлери өз кәсиплик искерлигин төмендеги принциплер тийкарында әмелге асырыўы шәрт:

нызамлылық;

Ўатанға садықлық ҳәм хызмет ўазыйпасына белсендилик, жүкленген функционал ўазыйпаларын толық орынлаў, атқарыў интизамына қатаң әмел етиў;

пуқаралар ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң үстинлиги;

мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерине садықлық;

әдалатлылық, ҳадаллық ҳәм қалыслық;

коррупция жағдайларына қатаң мүнәсибетте болыў ҳәм қарсы гүресиў;

хызмет сырын қатаң сақлаў;

лаўазым ўәкилликлерин өзбасымшалық пенен талан-тараж етпеў;

мәплер дусласыўына жол қоймаў.

3. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери мийнет искерлиги даўамында ҳәм жумыстан тысқары ўақытта минез-қулықтың төмендеги улыўма қағыйдаларына әмел етиўи керек:

мәмлекет хызметиниң абыройына зыян жеткериўи мүмкин болған минез-қулықлардан тыйылыў, этика нормаларына турақлы әмел қылыў;

жуўапкершилик, кәсибине садықлық ҳәм ҳадаллықты күнделик уранға айландырыў;

қурамалы ўазыйпаларды орынлаўда кәсиплеслерине көмеклесиў;

кишипейиллик, итибарлылық ҳәм сыншыллық пуқараларда мәмлекетке деген исеним ҳәм ҳүрмет сезимин оятыў;

шаңарағында саламат орталықты тәмийинлеп, шаңарақ ағзаларына турақлы ғамхор болыў, перзентлеринде ўатанға деген сүйиспеншилик ҳәм басқа жоқары этикалық пазыйлетлерди қәлиплестириў;

пуқаралардың социаллық келип шығыўы, экономикалық жағдайы ҳәм басқа факторларға қарамастан, олар менен бирдей, шын кеўилден, әдеп шеңберинде мүнәсибетте болыў;

жәмийетте этиканың ҳәр тәреплеме тән алынған қағыйдаларына әмел етиў.

4. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери өз ўәкилликлерин әмелге асырып атырғанда Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының Конституциялары ҳәм нызамларына, “Мәмлекет пуқаралық хызмети туўрысында”ғы Өзбекстан Республикасының Нызамына, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис палаталарының қарарларына, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлерине, Министрлер Кабинети ҳәм Министрлер Кеңесиниң қарарлары ҳәм бийликлерине, усы әдеп-икрамлылық қағыйдаларына ҳәм басқа нызамшылық ҳүжжетлерине әмел етеди.

5. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиў миннетлемесине, пуқаралар болса, район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлеринен усы қағыйдаларға сай болған кәсиплик мәдениятты талап қылыў ҳуқықына ийе.

6. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиўи олардың искерлиги ҳәм де хызметтеги этиканы баҳалаўдың тийкарғы нормаларынан бири есапланады.

Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етилиўи жағдайы оларды алдағы ўақытта жоқары лаўазымларға белгилеў ҳәм басшы кадрлар резервин қәлиплестириўде есапқа алынады.

## 2-бап. Кәсиплик мәдениятқа тийисли улыўма әдеп-икрамлылық қағыйдалары

7. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери:

пуқаралардың жынысы, келип шығыўы, миллети, пуқаралығы, тили, дини, социаллық келип шығыўы, жеке және социаллық орны кемситилиўине алып келиўши тәсир илажлары ҳәм ҳәрекетлер (ҳәрекетсизлик)ге жол қоймаўы;

ҳадал, әдалатлы ҳәм кишипейил болыўы, пуқаралар менен байланыста әдеп пенен ҳәм шын кеўилден мүнәсибетти көрсетиўи;

физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерине тийисли қарарларды қабыллаўда нызамлылықты, әдалатлылықты ҳәм ашықлықты тәмийинлеўи;

мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерине кери тәсир етиўши, мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер искерлиги нәтийжелилигин төменлетиўши ҳәрекетлер (ҳәрекетсизлик)ден тыйылыўы;

өзиниң минез-қулқы ҳәм этикасы себепли жәмийетшиликтиң сын пикирдиң келип шығыўының алдын алыў, сын пикир ушын кери ҳәрекетлерди әмелге асырмаўы, турақлы ҳәм конструктив сын пикирден өз искерлигиндеги кемшиликлерди сапластырыў жолында пайдаланыўы;

мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер, мәмлекет хызметкерлери ҳәм басқа шахсларға өз хызмет ўазыйпасынан пайдаланған ҳалда жеке мәселелер ушын тәсир өткермеўи;

өз хызмет ўәкилликлерин физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мәплерин гөзлеп орынлаў яки орынламаў арқалы олардан қандайда бир сыйлық, пайда ямаса сыйлықлар алмаўы;

мәмлекет мүлкиниң пүтин сақланыўын тәмийинлеўи, өзине исенип тапсырылған мәмлекет

мүлкинен тек хызмет ўазыйпаларында пайдаланыўы;

хызмет ўазыйпасына қатаң әмел етиўи, жумыс ўақтынан ақылға сай ҳәм нәтийжели пайдаланыўы;

халықтың мәмлекетлик хызметлерден пайдаланыўшы есабында талапларына муўапық турақлы түрде искерлик сапасын асырып барыў илажларын көриўи;

нызам менен интизамий, ҳәкимшилик ҳәм жынайый жуўапкерлик көзде тутылған нызам бузылыўы ҳәм басқа ис-ҳәрекетлерге жол қоймаўы;

кәсиплик этика ҳәм искерлик усылына әмел етиўи;

сиясий партиялар, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм басқа мәмлекетлик емес шөлкемлер мәплери жолында хызмет ўазыйпасы ҳәм мүмкиншиликлеринен пайдаланбаўы керек.

8. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери өзине бойсыныўшы хызметкерлерден олар мийнет ўазыйпасын атқарап атырған ўақытта партия атынан сиясий искерлик менен шуғылланыўды талап етиўи, сиясий партиялар, жәмийетлик бирлеспелери ҳәм басқа мәмлекетлик емес шөлкемлери искерлигинде қатнасыўға тартыў яки мәжбүрлеўине жол қойылмайды.

**3-бап. Хызмет искерлигине тийисли әдеп-икрамлылық қағыйдалары**

9. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери хызмет искерлиги даўамында төмендегилерге мәжбүр:

Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, нызамлары ҳәм басқа нызамшылық ҳүжжетлерине сөзсиз әмел етиўи;

Мәмлекетлик мәпти қәдирлеў, мәмлекетликсиясатқа садық болыў;

сыртқы сиясатта мәмлекетлик мәплерди қатаң қорғаў;

өз хызмет ўазыйпаларын ҳүждан менен, ҳадал ҳәм жоқары профессионаллық дәрежеде орынлаў, бюрократлық ҳәм жалған менен өз хызмет ўазыйпасынан пайдаланыўға жол қоймаў;

хызмет миннетлемелерин нәтийжели орынлаў ушын зәрүр болған билим ҳәм көнликпелерди турақлы түрде асырыў;

жоқары мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер ҳәм де лаўазымлы шахсларының өз кепилликлери шеңберинде қабыл еткен қарарлары ҳәм де берилген тапсырмаларды өз ўақтында ҳәм сапалы орынлаў;

ислеп шығылып атырған норматив-ҳуқықый ҳәм басқа ҳүжжетлерге қандайда бир шахс, топар ямаса шөлкемлер мәпин гөзлеген ҳалда ислеў ҳәм де олардың мәплерин аңлатыўға жол қоймаў;

ҳәр қандай нызамбузылыўына, әсиресе, коррупуция жағдайларына қарсы гүресиў;

хызмет сапарлары, қадағалаў илажлары даўамында хызмет ўазыйпасы менен байланыслы болған ҳәр қандай түрдеги жумсалған қәрежетлерди басқа шахслар есабынан әмелге асырмаў;

мәмлекет хызметкерлери ямаса басқа шахслар тәрепинен жынаят, басқа нызам бузыўшылық жағдайларына тартыўшы шақырыўлар, соның менен бирге, кәсиплеслери тәрепинен әмелге асырылып атырған яки таярлық көрилип атырған нызам бузыўшылық жағдайлары ҳаққында өзиниң басшысына жеделлик пенен хабар бериў;

сырт ел пуқаралары менен белгиленген тәртипке қарсы жеке тиккелей яки басқа шахслар арқалы байланыске кириспеў;

өз хызмет ўазыйпаларын әмелге асырып атырған пуқаралар ҳәм басқа шахсларды кемситиў, олардың тәсиринен сақланыў, пуқаралар ҳуқықлары, миннетлемелери ҳәм нызамлы мәплерин есапқа алыў;

өз хызмет ўазыйпаларын ҳүждан менен орынлаўға тосқынлық қылыўы мүмкин болған минез-қулықлардан сақланыў;

мәмлекетлик сыр, нызам менен қорғалатуғын ҳәм хызметке тийисли басқа мағлыўматлардың жәрияланыўының алдын алыў бойынша барлық илажларды көриў, олардан нызамға қайшы түрде пайдаланбаў;

мағлыўматларды тарқатыў қағыйдаларына әмел қылыў, интернет дүнья жүзилик мәлимлеме тармағы ҳәм мәлимлеме-коммуникация қуралларынан пайдаланыўда мағлыўмат қәўипсизлигин тәмийинлеўдиң белгиленген тәртибине әмел етиў;

бириктирилген хызмет компьютери ҳәм де электрон тасыўшыларды хызметке тийисли мағлыўматлардың қәўипсиз сақланыўын тәмийинлеў ҳәм оларды басқа шахсларға тарқатылыўының алдын алыў илажларын көриў;

социаллық тармақларда мәмлекет уйымлар ҳәм шөлкемлери ҳәм де лаўазымлы шахслар искерлигин талқыламаў, этикаға қарсы сөзлерден пайдаланбаў, мәмлекетте әмелге асырылып атырған реформаларға адамларда исенимсизлик кейпиятын жүзеге келтириўи мүмкин болған материалларды жайластырмаў;

пуқаралар ҳәм кәсиплеслериниң абыройына ҳәм қәдирине кери тәсир етиўши мағлыўматлар тарқатпаў;

мийнет ҳәм атқарыў тәртиби, ишки тәртип қағыйдаларына, соның менен бирге, телефонда сөйлесиў ҳәм кийиниў мәдениятына қатаң әмел етиў;

өзине исенип тапсырылған мүлк ҳәм финанслық қаржыларға итибарлы ҳәм пухта мүнәсибетте болыў;

жәмийетте саламат руўхый орталықты сақлаў илажларын көриў;

физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын нызамда белгиленген тәртипте ҳәм де мүддетлерде нызамлы, тийкарланған ҳалда ҳәм әдалатлы шешиў;

мийнет жәмәәтинде искерлик орталығын қәлиплестириў және оны беккемлеўге көмеклесиў;

мийнет жәмәәтинде кәсиплеслериниң абырайына ҳәм қәдирине кери тәсир етиўши жеке ҳәм кәсиплик пазыйлетлерин кемситиўден тыйылыўы керек.

10. Басшы лаўазымдағылар төмендегилерге мәжбүр:

қол астындағы мәмлекетлик хызметкерлерге профессионализм, ҳадаллық, әдалатлы болыўда өрнек болыў;

жәмәәтте саламат руўхый орталық ҳәм искерлик кейпиятты қәлиплестириў;

мәмлекетлик хызметкерлерин нызамға қайшы минез-қулықларды әмелге асырыўға қамтым алмаўы ҳәм де олардан бундай ҳәрекетлерди орынлаўды талап етпеўи;

кадрларды жергиликли, ағайиншилик, таныс-билисшилик яки жеке садықлық белгилери бойынша таңлаў, белгилеў ямаса усыныс етиўге жол қоймаў;

жәмәәтте топар ҳәм фаворитизм (айырым хызметкерлерди жақын алыў ҳәм қоллап-қуўатлаў) көринислерине жол қоймаў, соның менен бирге, хызмет ўазыйпаларын орынлаў процессинде басқа унамсыз факторлардың алдын алыў;

мәмлекетлик хызметкерлериниң искерлигине атақ бериўинде нызамлы, тыянақлы ҳәм әдалатлы қарарлар қабыллаў;

мәмлекет хызметкерлери тәрепинен коррупция ҳәм басқа жеке мәпи ушын ислеў жағдайларының алдын алыў илажларын көриў;

қол астындағы мәмлекетлик хызметкерлерди ҳуқықый ҳәм социаллық жақтан қорғаў илажларын көриў;

ўәкиллиги шеңберинде шәртнамалар дүзиў, таңлаўлар өткериў яки разылық бериў мәселелерине қалыс, әдалатлы ҳәм нызамлы байланысыў.

11. Басшы лаўазымдағылар қол астындағы мәмлекетлик хызметкерлерине қопал мүнәсибетте болыўы, кемситиўи, кеўлине тийиўи, оларға тийкарсыз қатаң сөз айтыўы яки айыплаўы мүмкин емес.

**4-бап. Хызметтен тысқары әдеп-икрамлылық қағыйдалары**

12. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери жумыстан бос ўақытларында улыўмалық қабыл етилген этика нормаларға әмел қылыўлары ҳәм оларға қарсы болған минез-қулық ҳәм минез-қулықлардан өзлерин тыйыўы шәрт.

13. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери жумыстан тысқары ўақытта төмендегилерге мәжбүр:

миллий үрп-әдет, қәдирият ҳәм дәстүрлерге ҳүрмет менен мүнәсибетте болыў;

дәбдебе, менменлик, ишиў ҳәм басқа унамсыз иллетлерге жол қоймаў;

рәсмий дағаза етилген мағлыўматлардан тысқары мәмлекет хызмети искерлигине тийисли мәселелерди талқыламаў;

жәмийетлик орынларында (кафе, ресторан ҳәм басқа кеўилашар орынларда) өзин тутыў қағыйдаларына әмел етиў, әтирапындағылардың итибарын тартыўшы артықша ҳәм унамсыз ҳәрекетлерге жол қоймаў;

жәмийетлик тәртип ҳәм қәўипсизлигине қарсы қаратылған минез-қулықларды көрсетпеў, бундай нызамға қарсы ҳәрекетлерге басқаларды қосыў яки тартыў;

хызмет ўазыйпаларын орынлаў менен байланыслы болған мәкеме ҳәм шөлкем басшы ҳәм хызметкерлеринен басқа лаўазымлы шахслардан қымбат баҳалы сыйлық алмаў;

хызмет гүўалықларын сақлаў ҳәм пайдаланыў тәртибине қатаң әмел етиў, олардан хызметке байланыслы болмаған жағдайларда пайдаланбаў, сондай-ақ, жуўапкер шахсларға хызмет гүўалығын көрсетип лаўазымын жеке мәпи ушын пайдаланбаў;

хызмет автотранспорт қуралларынан хызмет ўазыйпаларынан тысқары жағдайларда жеке ҳәм басқа мақсетлерде пайдаланбаў;

жумыс искерлиги менен байланыслы мағлыўматларды жумысқа байланыслы болмаған басқа шахслар қатнасыўында талқыламаў;

жеке транспорт қуралларынан пайдаланыўда белгиленген тәртипке әмел қылыў, жол ҳәрекети

қағыйдаларына қатаң әмел етиў;

исбилерменлик ямаса ҳақы төленетуғын басқа искерлик менен (педагогикалық, илимий ҳәм дөретиўшилик искерликтен тысқары) шуғылланбаў, Өзбекстан Республикасы нызамлары ҳәм Өзбекстан Республикасы Президенти қарарларында нәзерде тутылған ҳаллар буннан тысқары;

өзи жумыс алып барыўшы мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлери ҳәм де мәмлекетлик хызметине дақ түсириўши ис-ҳәрекетлерден тыйылыўы;

сыртқы көринисин белгиленген нормалар шеңберинде сақлаў, кишипейиллик пенен кийиниўи, әтирапдағылардың итибарын өзине артықша тартатуғын тәризде кийинбеў.

## 5-бап. Жәмийетшилик, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери менен мүнәсибетлерге байланыслы әдеп-икрамлылық қағыйдалары

14. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери ғалаба хабар қураллары менен өз-ара шериклик етиўи, мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлериниң искерлигин ғалаба хабар қуралларында жарытылыўына көмеклесиўи керек.

15. Мәмлекетлик сиясат яки мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлери жумыслары туўрысындағы ғалабалық баянатлар мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкем басшысы яки усы бағдардағы бойынша жуўапкер лаўазымлы шахс тәрепинен әмелге асырылады.

16. Төмендеги жағдайларда ғалабалық баянат берилиўи мүмкин емес:

ғалабалық баянат тексти ҳәм мазмуны мәмлекетлик сиясат яки мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкем жумысларына байланыслы болмаса;

ғалабалық баянатта келтирилген мағлыўматлар мәмлекет сырлары менен байланыслы болса;

ғалабалық баянат басқа мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкем абырайын төменлетиў яки олардың лаўазымлы шахсларын кемситиўге бағдарланған болса.

17. Мәмлекетлик хызметте жәмийетшилик қадағалаўын тәмийинлеў мақсетинде жәмийетшилик тәрепинен мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлери жумысларына тийисли айыплаў яки сын пикир билдирилген жағдайда, мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлери оған салыстырғанда билдирилген айыплаў яки сын пикирге ғалабалық түсиндирме,сондай-ақ, бийкарлаў хабары бериўи керек.

18. Егер ғалабалық баянатда пуқаралардың мәпи ҳәм де қәдирин кемситиўши сөзлер болса, мәмлекетлик уйым хызметкерлери өз пикирлериниң алжасықлығы ямаса надурыслығын тән алыўы ҳәм де мәпи,қәдирин ҳәм искерлик абырайына байланыслы болған пуқарадан, егер нызам ҳүжжетлеринде басқа ақыбетлер нәзерде тутылмаған болса, кеширим сораныўы шәрт.

## 6-бап. Хызмет искерлигиндеги сыртқы көринис ҳәм кийиниў усылына тийисли әдеп-икрамлылық қағыйдалары

19. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң жумыс даўамында сыртқы көриниси ҳәм кийиниў усылы пуқаралардың мәмлекетликуйымлар ҳәм шөлкемлери жумысларына ҳүрметин, сондай-ақ мәмлекетлик хызметтиң абырайын асырыўға хизмет етиўи керек.

20. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң сыртқы көриниси мийнет шараятлары ҳәм хызмет түрине қарай, хызмет миннетлемелерин орынлаўы ўақтында пуқаралардың мәмлекетлик уйымларға ҳүрмет менен мүнәсибетте болыўына көмеклесиўи, улыўма қабыл етилген жумыс усылына муўапық болыўы ҳәм рәсмийлик, кишипейиллик ҳәм интизамды көрсете алыўы керек.

21. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң жумыс орынларында сыртқы көриниси ҳәм

кийиниў усылына тийисли қосымша талаплар ишки мийнет тәртибинде белгилениўи мүмкин.

## 7-бап. Мәплердиң дусласыўы

22. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери лаўазым яки хызмет ўазыйпаларын орынлаў ўақтында мәплер дусласыўы алып келетуғын яки алып келиўи мүмкин болған жеке жағдайларға жол қоймаўы керек.

23. Мәплер дусласыўы ушырасқан жағдайда хызметкерлер өзиниң баслығын тез хабар бериўи шәрт.

Мәплер дусласыўы бар екенлиги туўрысында мағлыўматлар алған баслық буның кери тәсириниң алдын алыў яки оны сапластырыў бойыншаөз ўақтында тийисли илажлар көриўге мәжбүр.

## 8-бап. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң мәпин қорғаў

24. Мәплер дусласыўы аппараты хызметкерлерин хызмет ўазыйпаларын орынлаў менен байланыслы абай, дөҳмет ҳәм нызамға қайшы басқа минез-қулықлардан қорғаў басшысы тәрепинен әмелге асырылады.

25. Мойнына жүклетилген ўазыйпаларды орынлаўға тосқынлық жасаў, жынаят ямаса басқа ҳуқықбузарлық жүз етиўге қаратылған шақырыўлар, соның менен бирге, кәсиплеслери тәрепинен әмелге асырылған ямаса жүз етиўге таярлық көрип атырған нызамбузылыўлар ҳаққында хабар берген хызметкерлерди пайда болыўы мүмкин болған абай ҳәм қәўип-қәтерден қорғаў илажлары көриледи.

## 9-бап. Әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етилиўин бақлаў

26. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлық қағыйдаларына әмел етилиўи үстинен қадағалаў район ҳәкимлиги шөлкемлестириў-кадрлар топары ямаса Әдеп-икрамлылық комиссиясы тәрепинен әмелге асырылады.

27. Район ҳәкимлигинде лаўазымға тайынланған мәмлекетлик хизметкерлери шөлкемлестириў-кадрлар топары тәрепинен усы Әдеп-икрамлылық қағыйдалары менен тилхат тийкарында қол қойдырган ҳалда таныстырылады.

28. Усы Әдеп-икрамлылық қағыйдаларын бузыў жағдайлары бойынша хызмет тексериў район ҳәкиминиң көрсетпесине муўапық Әдеп-икрамлылық комиссиясы тәрепинен өткериледи.

Хызмет тексериўин өткериў тәртиби Әдеп-икрамлылық комиссиясы тәрепинен белгиленеди.

## 10 -бап. Әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етпегенлик ушын жуўапкерлик

29. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен Әдеп-икрамлық қағыйдаларына әмел етпегенлик жағдайы оларға салыстырғанда әдеплик ҳәм ынтызамий тәсир илажларын қоллаў ушын тийкар болады.

30. Әдеп-икрамлық қағыйдаларына әмел етпегенлик ушын Әдеп-икрамлық комиссиясы тәрепинен район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлерине төмендеги әдеплик тәсир илажлары қолланылады :

ескертиў;

кеширим сораў ямаса рәсмий түрде кеширимнама келтириўди талап қылыў;

район ҳәкимлигиниң аппарат мәжилислеринде ескертиў бериў.

31. Әдеп-икрамлылық комиссиясы район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлерине салыстырғанда

интизамий тәсир шарасын қоллаў ушын район ҳәкимлигине мәлимлеме киргизиўи мүмкин.

Әдеп-икрамлылық комиссиясы әдеп-икрмалылық қағыйдалары баслық тәрепинен бузылған жағдайда оларға салыстырғанда тийисли илаж көриў мәселеси бойынша усынысларды жоқары турыўшы мәмлекет уйымға жибереди.

32. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң Әдеп-икрамлылық қағыйдаларын бузыўы оларды нызамға муўапық ынтызамий ҳәм басқа жуўапкерликке тартыў ушын тийкар болады.

**11-бап. Жуўмақлаўшы қағыйда**

33. Мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлери искерлигиниң айрықша қәсийетлеринен келип шыққан ҳалда усы Әдеп-икрамлылық қағыйдаларына муўапық өз мәкемелик әдеп-икрамлылық қағыйдаларын тастыйықлайды.

Chimboy tuman hokimining
2022 yil 21 oktabrdagi
343-13-192-Q/22-son qaroriga
2-ilova

**Район  ҳәкимлигиниң әдеп-икрамлылық комиссиясы туўрысындағы қағыйда**

## 1-бап. Улыўма қағыйдалар

1. Бул қағыйда район  ҳәкимлигиниң аппараты Әдеп-икрамлылық комиссиясы (кейинги орынларда - Комиссия ) искерлигин тәртипке салады.

2. Комиссия район  ҳәкимлигиниң аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиўин бақлаў, олардың этика нормаларына қарсы болған минез-қулықларын алдын алыў ҳәм әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиў менен менен байланыслы даўларды көрип шығыў мақсетинде дүзиледи.

3. Комиссия искерлиги Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының Конститусиясы ҳәм нызамларына, “Мәмлекет пуқаралық хызмети туўрысында”ғы Өзбекстан Республикасының Нызамына, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис палаталарының қарарларына, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрман, қарар ҳәм бийликлерине, Министрлер Кабинети ҳәм Министрлер Кеңесиниң қарарлары ҳәм бийликлерине, район ҳәкиминиң қарарлары ҳәм бийликлерине, усы қағыйдаға ҳәм басқа нызамшылық ҳүжжетлерине муўапық әмелге асырилады.

4. Комиссия Комиссия баслығы, хаткери ҳәм ағзаларынан ибарат болып, улыўма саны бес данадан кем болмаўи ҳәм тоқ санда болыўы керек.

Комиссия қурамына тәжирийбели, мийнет жәмәәтинде абырой-итибарға ийе болған мәмлекетлик хызметкерлер киритиледи.

Комиссия қурамы район  ҳәкимлиги шешими менен тастыйықланады ҳәм турақлы түрде искерлик жүргизеди.

Комиссия қурамына комиссия тәрепинен қабыл етилетуғын қарарларға тәсир көрсетиў мүмкин болған мәплер дусласыўы мүмкиншилигин нәзерде тутқан ҳалда өзгерис киритиледи.

### 2-бап. Комиссияның тийкарғы ўазыйпалары ҳәм функциялары

5. Комиссияның тийкарғы ўазыйпалары төмендегилерден ибарат:

район  ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң мәкемелик әдеп-икрамлылық қағыйдаларын ислеп шығыў;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етилиўи мәселелерин көрип шығыў, хызмет тексериўлерин өткериў;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери ортасында этика нормаларига қарсы болған минез-қулықлардың алдын алыўға қаратылған комплекс илажларды әмелге асырыў;

физикалық ҳәм юридикалық шахслардың район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң минез-қулықларына тийисли шақырыўларын көрип шығыў;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң абырайын сақлаў менен байланыслы мәселелерди көрип шығыў;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық қағыйдаларын жетилистириў бойынша усыныслар ислеп шығыў;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етилиўи жағдайын анализ қылыў, нәтийжелери ҳаққында район ҳәкимин ҳәм жәмийетшиликти хабардар етип барыў.

6. Комиссия өз кепилликлери шеңберинде:

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етилиўи үстинен қадағалаўды әмелге асырады;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларының өзгериўи менен байланыслы мәселелер бойынша жуўмақлар таярлайды;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық қағыйдалары менен байланыслы мәселелерин көрип шығыў процессинде зәрүр информацияны сорап алады;

көрип шығыў ушын киритилген мәселелерди шешиў ушын Комиссия жыйналысларына экспертлер ҳәм қәнигелерди тартады;

әдеп-икрамлылық қағыйдаларына тийисли мәселелер бойынша район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлерине тийисли мәсләҳәт ҳәм түсиндириклер береди;

зәрүр жағдайларда, Комиссияда көрип шығылған мәселелер бойынша район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлерин интизамий жуўапкерликке тартыў бойынша район ҳәкимине усыныс киритеди.

7. Комиссия район ҳәкимлиги структуралық бөлимлери, басқа мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлери, лаўазымлы шахслары ҳәм жәмийетшилик менен шериклик етеди.

8. Комиссия искерлигин шөлкемлестириў ҳәм район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларының өзгериўи менен байланыслы мәселелерди көрип шығыў бул қағыйдаға қосымшада көрсетилген схемаға муўапық әмелге асырады.

## 3-бап. Комиссия искерлигин шөлкемлестириў

9. Комиссия жыйналыслары зәрүрликке қарай өткериледи.

Комиссия жыйналыслары ашық тәризде өткериледи. Зәрүр болған жағдайларда Комиссия жабық жыйналыс өткериў туўрысында қарар қабыллаўы мүмкин.

10. Комиссия жыйналысын Комиссия баслығы, ол жоқ болса, оның тапсырмасына муўапық Комиссия ағзаларынан бири жүргизеди. Комиссия мәжилисинде протокол жүритиледи, ол баслық етиўши ҳәм Комиссия хаткери тәрепинен имзаланады.

11. Комиссия жыйналысы, егер онда Комиссия ағзалары улыўма санының кеминде үштен еки бөлеги бар болса, өткериўге болады.

12. Комиссияның нәўбеттеги жыйналысы туўрысында оның баслығы тәрепинен Комиссия ағзаларына жазба түрде кеминде еки күн алдын хабар етеди, соның менен бирге жыйналыстың басқа қатнасыўшыларын алдынан хабардар етеди.

13. Комиссияның қарарлары мәжилисте қатнасқан Комиссия ағзаларының көпшилик даўысы менен қабыл етиледи. Даўыслар тең болған жағдайларда Комиссия баслығының даўысы шешиўши даўыс есапланады.

Комиссияның қарарлары Комиссия баслығы тәрепинен имзаланады.

14. Комиссия баслығы:

Комиссия жумысын басқарады;

Комиссия жыйналысларын шақырады ҳәм өткереди;

Комиссия ағзаларына тапсырмалар береди;

район ҳәкимлиги структуралық бөлимлери, басқа мәмлекетлик шөлкемлердеги лаўазымлы шахслар ҳәм жәмийетшилик пенен болған мүнәсибетлерде Комиссия атынан жумыс жүргизеди;

Комиссия жыйналысларында Комиссия искерлиги туўрысындағы мәлимлеме менен сөзге шығады;

ҳәр жылы район ҳәкимине Комиссия искерлиги туўрысында есабат усыныс етеди.

15. Комиссия хаткери:

Комиссияның искерлигин шөлкемлестириў-техникалық тәрептен тәмийинлеў мәселелерин шешеди;

Комиссияның нәўбеттеги жыйналысына барлық зәрүр материаллар ўақытында таярланыўын тәмийинлейди, хызметкерлерден зәрүр ҳүжжетлер ҳәм мағлыўматларды сорап алады;

күн тәртибине муўапық Комиссия жыйналысы өткериледи;

Комиссияның ағзаларын ҳәм усыныс етилген шахсларды Комиссия жыйналысы өткерилетуғын орын, сәне ҳәм ўақыт ҳәм де күн тәртибине киритилген мәселелер ҳаққында хабардар етеди;

Комиссия жыйналысының баянламансын рәсмийлестиреди ҳәм тастыйықланған баянламаны мәпдар шахсларға жеткерилиўин тәмийинлейди.

16. Комиссия ағзасы:

Комиссия тәрепинен көрип шығылатуғын барлық мәселелер бойынша даўыс бериўге;

Комиссияның көрип шығыў ушын мәселелер ҳәм усыныслар киргизиўге;

қарарлар таярланыўда, талқылаўда, қабыл етиўде, соның менен бирге олардың әмелге асырылыўын шөлкемлестириўде ҳәм де атқарылыўын бақлаўда қатнасыўға;

көрип шығылып атырған мәселеге тийисли ҳүжжетлер, мәлимлемелер ҳәм басқа зәрүр мәлимлеме менен танысыўға;

Комиссия шешимине разы болмаған жағдайда өзиниң көз-қарасын баянлаўға ҳақлы.

17. Комиссиясы ағзасы Комиссия мәжилисинде бар болыўы ҳәм өзине жүклетилген миннетлемелерди орынлаўы шәрт.

Комиссия ағзасы Комиссия мәжилисинде болыўы мүмкиншилиги болмағанда Комиссия баслығын алдыннан хабардар етиўи керек.

18. Комиссия мәжилисинде көрилип атырған мәселелер Комиссия баслығы, хаткери ҳәм ағзаларына тиккелей ямаса тиккелей болмаған байланыслы болған жағдайда өзин-өзи бийкарлаўы шәрт.

**4-бап. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдалары өзгериӯиниң алдын алыӯ (профилактика) илажларын көриӯ**

19. Комиссия район ҳәкимлиги шөлкемлестириӯ-кадрлар топары менен биргеликте үзликсиз түрде район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етилиӯи ҳәм олардың айныӯын алдын алыӯға қаратылған төмендегилерди көзде тутатуғын профилактикалық комплекс илажларды әмелге асырады:

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлеринде жоқары кәсиплик мәдениятты, жәмәәтте саламат руӯхый орталық ҳәм искер кейпиятты қәлиплестириӯ;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери “ҳадаллық вакцинаси” менен емлеӯ, яғный, ҳадаллықты олардың санасына сиңдириӯ, билим арқалы оларда коррупцияға қарсы мүнәсибетте болыӯ кейпиятын қәлиплестириӯ;

район ҳәкимлигинде белгили профессор оқытыӯшылар, дөретиӯшилер, руӯхыйлық ҳәм билим саласының көзге көринген, өзиниң тараӯында жоқары нәтийжелерге ерискен нураныйларды қамтыған ҳалда, ушырасыӯлар шөлкемлестирип барыӯ;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң кәсиплик ҳәм басқарыӯ көнликпелери арттырыӯ, соның менен бирге олардың маманлығын турақлы түрде асырыӯды, олар тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиӯин тәмийинлеӯ мақсетинде олардың билимлери ҳәм маманлығын турақлы жетилистириӯ жумысларын алып барыӯ;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң экономикалық билимлерин, ҳуқықый саӯатлылығын, ҳуқықый мәденияты ҳәм ҳуқықый санасын, интеллектуаллық ҳәм руӯхый раӯажланыӯын асырыӯ мақсетинде экономикалық ҳәм ҳуқықый семинарлар шөлкемлестириӯ;

жаңа жумысқа қабыл етилген мәмлекетлик хызметкерлерин әдеп-икрамлылық қағыйдаларына қатаң әмел қылыӯ бойынша стажировкадан өткериӯ ҳәм олар менен профилактикалық сәӯбетлер шөлкемлестириӯ;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлерин билимлерин жетилистириӯ курсларына, халық аралық семинарлар, конференциялар ҳәм сол сыяқлы басқа илажларға жибериӯ, олар тәрепинен өз кәсиплик дәрежеси ҳәм этикалық саналарын ғәрезсиз асырыӯы ушын шараят жаратып бериӯ.

20. Комиссия район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларын бузыӯының алдын алыӯ (профилактика) бойынша өз искерлигин Комиссия тәрепинен тастыйықланатуғын шереклик жумыс жобалары тийкарында жүргизеди.

21. Министрлер район ҳәкимлиги хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдалары айныӯының алдын алыӯ (профилактика) илажлары Комиссия тәрепинен тийисли структуралық бөлим басшылары ҳәм де кәсиплик аӯқамлары комитети менен биргеликте шөлкемлестиреди.

22. район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларын бузыӯының алдын алыӯ (профилактика) илажларының нәтийжелилиги жыл жуӯмақлары бойынша өткерилетуғын Комиссия жыйналысында талқыланады.

**5-бап. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларының бузыӯы менен байланыслы мәселелерди көрип шығыӯ тәртиби**

23. Комиссия район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларының бузыӯы менен байланыслы мәселелерди:

район ҳәкиминиң тапсырмасына көре;

ҳуқық қорғаў уйымлардың билдиргиси менен;

район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң, соның менен бирге физикалық ҳәм юридикалық шахслардың арзасына муўапық көрип шығады.

24. Комиссия жыйналысына, ҳақыйқый жағдайларды анықлаў ҳәм қалыс қарар қабыллаў мақсетинде, мәселеси көрип шығылып атырған район ҳәкимлиги аппараты жумысшысы, зәрүр болған жағдайларда болса, хабардар етиўши ҳәм басқа шахслар усыныс етиледи. Комиссия жыйналысының ўақыты ҳәм орнқ ҳаққында тийисли түрде хабардар етилген шахслардың келмеўи шақырықты көрип шығыў ушын тосқынлық етпейди.

25. Комиссия мәжилисинде:

күн тәртибиндеги мәселе оқып еситтириледи;

район ҳәкиминиң тапсырмасы ямаса район ҳәкимлиги аппараты жумысшысы тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдалары бузылғанлығы туўрысындағы билдирги оқып еситтириледи;

әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етпегенликте айыпланып атырған район ҳәкимлиги аппараты хызметкери ҳәм басқалардың мағлыўматлары еситиледи.

26. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери өзиниң ҳуқықына искерлик абыройына тәсир ететуғын билдирги бойынша әмелдеги нызам ҳүжжетлерине муўапық өзин қорғаўға, Комиссияға зәрүр материаллар ҳәм де тағы басқа информацияларды усыныўға ҳақылы.

27. Жыйналыс жуўмағы бойынша Комиссия район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлериниң ҳәрекетлеринде әдеп-икрамлылық қағыйдаларының бузылыўының бар екенлиги ямаса жоқлығы туўрысында шешим қабыл етеди.

28. Әдеп-икрамлылық қағыйдалары бузылғанлығы анықланған жағдайда Комиссия тәрепинен район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлерине төмендеги тәсир илажлары қолланылады:

ескертиў;

кешириў сораў ямаса рәсмий кеширим киритиўди талап қылыў;

район ҳәкимлигиниң аппарат жыйналысларында ескертиў бериў.

29. Комиссия район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлерине интизамий тәсир шарасын қоллаў ушын район ҳәкимине усыныс киргизиўи мүмкин.

30. Комиссия тәрепинен төмендеги билдиргилер көрип шығылмайды:

комиссияда алдын көрип шығылған, атап айтқанда сол мазмундаги тәкирар билдиргилер;

аноним билдиргилер;

нызамда белгиленген басқа талапларға муўапық болмаған билдиргилер.

31. Комиссия қабыл етилген қарар ҳаққында өзине туўрысында мәселе көрип шығылған район ҳәкимлиги аппараты хызметкерине ҳәм район ҳәкимине жазба түрде хабар береди.

32. Комиссия әдеп-икрамлылық қағыйдалары баслық тәрепинен бузылған жағдайда оларға тийисли илаж көриў мәселеси бойынша усынысларды жоқары турыўшы мәмлекет уйымға жибереди.

33. Комиссияның шешими үстинен район ҳәкимлигине ямаса судқа шағым қылыў мүмкин.

34. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларының бузылыўы ҳаққындағы билдирги Комиссия шешими қабыл еткенге шекем қайтарып алыўы мүмкин.

35. Район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери өз қәлеўи менен белгиленген тәртипте кеширим сораған жағдайда, оған тәсир илажлары қолланылмаўы мүмкин.

**Әдеп-икрамлық комиссиясы**

**туўрысындағы қағыйдаға**

**қосымша**

**Әдеп-икрамлық комиссиясы жумысларын шөлкемлестириў ҳәм район ҳәкимлиги аппараты хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларының бузылыўы менен байланыслы мәселелерди көрип шығыў**

**СХЕМАСЫ**

| **Басқышлар** | **Субъектлер** | **Илажлар** | **Орынлаў мүддети** |
|---|---|---|---|
| **I. Комиссия жумысларын шөлкемлестириў** | | | |
| **1-басқыш** | Мәмлекетлик уйым ҳәм шөлкемлер басшылары | 1. Мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлерде Әдеп-икрамлылық комиссияларын (кейинги орынларда – Комиссия) Комиссия баслығы, хаткери ҳәм ағзаларынан ибарат қурамда, улыўма саны кеминде бес ағзадан кем болмаған тақ санда қәлиплестириледи.<br>2. Комиссия қурамына тәжирийбели, мийнет жәмәәтинде абыройға ийе болған мәмлекетлик хызметкерди киритиў.<br>3. Комиссия қурамын тастыйықлаў. | Еки ҳәпте мүддетте |
| | | 4. Комиссия қурамына комиссия тәрепинен қабыл етилген қарарларға тәсир көрсетиўи мүмкин болған мәплер дусласыўы итималын нәзерде тутқан ҳалда өзгерислер киритиледи. | Зәрүрликке көре |
| **2-басқыш** | Комиссия баслығы | Комиссия жумысларын шөлкемлестиреди, комиссия мәжилислерин шақырады ҳәм мәжилиске басшылық етип өткереди.<br>Комиссия атынан жумыс алып барады, Комиссия мәжилислеринде Комиссия жумыслары туўрысындағы мәлимлеме менен сөзге шығады.<br>Мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер басшыларына Комиссия жумыслары бойынша есабатларды усынады. | Мағлыўматлар киритиў ўақтынан баслап<br><br>Ҳәр жыл жуўмағы менен |
| | Комиссия хаткери | Күн тәртибине муўапық Комиссия мәжилислери өткерилиўин шөлкемлестиреди. Комиссияның ағзаларын ҳәм шақырылған шахсларды Комиссия мәжилиси өткерилетуғын орын, ўақыты ҳәм күн тәртибине киритилген мәселелер ҳаққында хабардар қылады.<br>Комиссияның жумысларын шөлкемлестириў-техникалық жақтан тәмийинлеў мәселелерин шешеди, нәўбеттеги мәжилиске барлық зәрүр материалларды өз ўақтында таярланыўын тәмийинлейди.<br>Комиссия мәжилисиниң баянламаларын рәсмийлестиреди ҳәм тастыйықланған баянламалардың мәпдар шахсларға жиберилиўин тәмийинлейди. | Мәжилистен кеминде еки күн алдын<br><br>Мәжилистен кейин бир күн мүддетте |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **II. Әдеп икрамлылық қағыйдаларының бузылыўының алдын алыў (профилактика) илажларын көриў** | | | | |
| **1-басқаш** | Комиссия<br><br>Мәмлекетлик уйымлардың курамлық бөлимлери<br><br>Кәсиплик аўқамы | Комиссия турақлы түрде мәмлекетлик хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етилиўи ҳәм олардың бузылыўының алдын алыўға қаратылған төмендегилерди өз ишине алыўшы профилактикалық комплекс ис-илажларды әмелге асырады.<br>Мәмлекетлик хызметкерлерде жоқары кәсиплик мәдениятын, жәмәәтте саламат руўхый орталықты ҳәм жумысшы кейпиятын қәлиплестириў;<br>Мәмлекетлик хызметкерлерди “ҳадаллық вакциансы” менен емлеў, яғный, ҳадаллықты олардың санасына сиңдириў, ағартыўшылық арқалы оларды коррупцияға қарсы байланыста болыў кейпиятын қәлиплестириў;<br>Мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлерде танымалы зыялылар, дөретиўшилер, руўхый ҳәм ағартыўшылық тараўында, сондай-ақ, диний тараўларда көзге көринген нураныйларды қамтыған ҳалда ушырасыўлар шөлкемлестирип барыў;<br>Мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер хызметкерлериниң кәсиплик ҳәм басқарыў көнликпелерин асырыўы, сондай-ақ, олардың көнликпелерин турақлы түрде асырып барыўы, олар тәрепинен әдеп-икрамлыққағыйдаларына әмел етиўин тәмийинлеў мақсетинде билим ҳәм көнликпелерин асырыў бойынша жумысларды шөлкемлестиреди.<br>Мәмлекетлик хызметкерлериниң экономикалық билимлерини, ҳуқықый саўатханлығын, ҳуқықый мәдениятын ҳәм ҳуқықый санасын, интеллектуал ҳәм руўхый жақтан раўажланыўын тәмийинлеў мақсетинде экономикалық ҳәм ҳуқықый оқыўларды шөлкемлестириў;<br>Жаңа жумысқа қабыл етилген мәмлекетлик хызметкерлерин әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етиў барысындағы стажировкадан өткериў ҳәм олар менен профилактикалық сәўбетлер шөлкемлестириў;<br>Мәмлекетлик хызметкерлерин манманлығын асырыў курсларына, халық аралық семинарлар, конференциялар ҳәм басқа да илажларға жибериў, олар тәрепинен өз кәсиплик дәрежеси ҳәм әдеплилик сапасын жеке өз асырыўы ушын шәрт-шараятлар жаратыў. | Комиссия тәрепинен тастыйықланған шереклик ис-режелер тийкарында | |
| **2-басқыш** | Комиссия | Мәмлекетлик хызметкерлери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдалар бузылыўының алдын алыў (профилактика) илажларының нәтийжелигин Комиссия мәжилислеринде додалайды. | Ҳәр жыл жуўмағы бойынша | |
| **III. Әдеп-икрамлылық қағыйдаларының бузылыўы менен басланыслы мәселелерди көрип шығыў** | | | | |
| **1-басқыш** | Комиссия | Комиссия мәмлекетлик хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық қағыйдаларының бузылыўы менен байланыслы мәселелерди:<br>Мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер басшыларының тапсырмасына көре;<br>Ҳуқыққорғаў уйымларының мүрәжатлариына тийкар;<br>Мәмлекетлик хызметкерлериниң, сондай-ақ, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларына муўапық;<br>Өз басламасы менен көрип шығады. | Зәрүрликке көре | |
| **2-басқыш** | Комиссия баслығы ҳәм ағзалары | Комиссия мәжилисинде:<br>Күн тәртибиндеги мәселе оқып еситтириледи;<br>Мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер басшыларының тапсырмасы яки мәмлекетлик хызметкери тәрепинен әдеп-икрамлылық қағыйдалары бузылғанлығы туўрысында мүрәжат көрип шығылады;<br>Әдеп-икрамлылық қағыйдаларына әмел етпегенликте айыпланып атырған мәмлекетлик хызметкер ҳәм мүрәжатшылар түсиндирмелери еситиледи. | Мәжилис өткерилетуғын күн | |
| | Мәмлекетлик хызметкер | Өзиниңҳуқықы, мәпи ҳәм қәдирине, абырайына байланыслы мүрәжат бойынша әмелдеги нызам ҳүжжетлерине муўапықөзин қорғаўға, Комиссияға зәрү материаллар ҳәм басқа мәлимлемелерди усыныўға ҳақылы. | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **3-басқыш** | Комиссия | 1. Мәжилис жуўмағы бойынша мәмлекетлик хызметкердиң ҳәрекетлериндеги әдеп-икрамлылық қағыйдаларының бузылыўы фактиниң бар яки жоқ екенлиги туўрысында шешим қабыл етеди.<br>2. Әдеп-икрамлыққағыйдалары бузылғанлығы факти анықланған жағдайда мәмлекетлик хызметкерге төмендеги әдеплилик тәсир илажлары қолланылады:<br>ескертиў;<br>кеширим сораў ямаса рәсмий түрде кеширимнама келтириўди талап қылыў;<br>район ҳәкимлигиниң аппарат мәжилислеринде ескертиў бериў.<br>3. Мәмлекетлик хызметкерге интизамый тәсир шараларын қоллаў ушын мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер баслығына мәлимлеме киритилиўи мүмкин.<br>4.Қабыл етилген шешим ҳаққында мүрәжат етиўшиге, өзине қарата мәселе көрип шығылған мәмлекетлик хызметкерге ҳәм мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер басшыларына жазба түрде мағлыўмат кириледи. | Мәжилис өткерилетуғын күн |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **4-басқыш** | Комиссия | Әдеп-икрамлылық қағыйдалары мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер басшылары тәрепинен бузылған жағдайда оларға қарата тийисли шаралар көриў мәселеси бойынша жоқары турыўшы мәмлекетлик уйым баслығына жибериледи. | Зәрүрликке көре |
| **5-басқыш** | Мәмлекетлик хызметкер | Комиссияның қарары үстинен мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер баслығына яки судқа мүрәжат етиўлери мүмкин. | Зәрүрликке көре |

Chimboy tuman hokimining
2022 yil 21 oktabrdagi
343-13-192-Q/22-son qaroriga
3-ilova

**Шымбай районы ҳәкимлигиниң**
**Әдеп-икрамлылық комиссиясының жеке қурамы**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | А.Молдахметов | Район ҳәкиминиң биринши орынбасары, комиссия баслығы |
| 2 | Б.Джумамуратов | Район ҳәкимлиги Шөлкемлестириў-кадрлар топары баслығы, комиссия баслығының орынбасары |
| 3 | Р.Утепбергенов | Район ҳәкиминиң руўхый-ағартыўшылық ислери нәтийжелигин асырыў, мәмлекетлик тил туўрысындағы нызам ҳүжжетлерине әмел етилиўин тәмийинлеў мәселелери бойынша мәсләҳәтшиси, комиссия ағзасы |
| 4 | И.Жорабеков | Район ҳәкимлиги канцелярия бөлими баслығы, комиссия ағзасы |
| 5 | Б.Есенов | Район ҳәкиминиң бас юрист мәсләҳәтшиси, комиссия хаткери |

Еслетпе: Әдеп-икрамлылық комиссиясының ағзалары басқа жумысқа өткен яки өз ўазыйпасын орынлай алмайтуғын жағдайда оның орнына тайынланған хызметкер яки ўазыйпа ҳәм жумыслары жүклетилген шахс жуўапкершилигине жүклетиледи.